

ENTÈDIKSYON AZIL (2023)

KISA AZIL YE?

Azil se yon fòm pwoteksyon ki bay moun k ap fui pèsekisyon ki rive Ozetazini oubyen ki deja nan Etazini. **Etazini gen obligasyon legal pou pwoteje moun k ap cheche azil.**

KISA K AP PASE KOUNYE A AK AZIL, E POUKISA?

Nan mwa Mas 2020, Administrasyon Trump la te mete an aplikasyon yon seksyon raman itilize nan lwa sante Etazini an, yo rele Tit 42, ki te limite migrasyon pou "sispans pwopagasyon maladi." Pa te gen okenn rezon syantifik oswa sante piblik valab pou limite migrasyon sou fwontyè Etazini-Meksik la. Yon fwa ijans sante piblik COVID-19 la te fini nan 11 me 2023, Tit 42 te ekspire e Administrasyon Biden nan te anonse yon nouvo règ: **Sikonvansyon Chemen Legal yo (souvan rele "Entèdiksyon Azil")**.

Anba Entèdiksyon Azil la, moun k ap cheche azil dwe itilize "chemen legal" pou antre Ozetazini pou kapab elijib pou azil. Moun ki pa itilize "chemen legal" yo ap fè fas ak konsekans grav. Politik sa yo kontinye efektivman entèdi pifò chèchè azil antre. **Entèdiksyon Azil la te fè fas ak defi legal depi kreyasyon li. Kounye a, Newyèm Awondisman an ap decide si pou kenbe Entèdiksyon Azil la, oswa pou fini li epi retire restriksyon ki egziste yo sou elijibilite pou azil.**

KI NOUVO POLITIK YO?

Anba Entèdiksyon Azil la, yon moun k ap cheche azil dwe itilize yon "chemen legal" pou rive nan fwontyè sid Etazini oswa nan zòn kotyè adjasan:

(1) Ou te deja aplike pou azil epi yo te refize ou nan yon oswa plizyè peyi ke ou te pase pou rive Ozetazini.

Presepil eleman nouvo seri politik yo se **Entèdiksyon Vwayaj la**.

Anba Entèdiksyon Vwayaj la, nenpòt moun ki rive nan fwontyè sid Etazini oswa zòn kotyè adjasan yo pa elijib pou azil amwenske yo te deja aplike epi yo te refize yo azil nan yon twazyèm peyi (you nan peyi yo te pase pou rive Ozetazini).

Politik sa a ilegal anba lwa Etazini: Etazini pa ka refize yon moun azil sou baz ke li pa t cheche azil nan yon twazyèm peyi sa a pa an sekirite epi pa gen yon sistèm azil ki fonksyone.

(2) Ou te jwenn pèmisyon pou vini Ozetazini anba yon Pwosesis Paròl apwouve pa DHS.

Gen kèk pwogram paròl limite Ozetazini, ki enkli: (1) Paròl pou Reyunifikasyon Fanmi pou sitwayen Ayiti, Kiba, Salvadò, Gwatemala, Ondiras, ak Kolonbi; epi (2) Paròl pou Sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragwa ak Venezyela.

Pwogram paròl sa yo mande moun yo aplike epi jwenn apwobasyon pou paròl anvan yo vini Ozetazini.

Anplis, yo te entèdi moun si yo te deja travèse Meksik oswa Panama san otorizasyon:

- Apre 10 Jiyè 2023 pou Kolonbyen, Salvadoryen, Gwatemaltèk, ak Ondiryen k ap cheche Paròl pou Reyunifikasyon Fanmi.
- Apre 9 Janvye 2023 pou Kiben, Ayisyen, Nikaragwayen k ap cheche Paròl.
- Apre 19 Oktòb 2022 pou Venezyelyen k ap cheche Paròl.

(3) Ou te pran yon randevou atravè aplikasyon CBP One.

Anba Entèdiksyon Azil la, yon moun k ap cheche azil ki pa itilize aplikasyon CBP One a pral refize, amwenske yo ka demontre "sikonstas eksepsyonèlman konvenkan:"

(1) Yo te fè fas ak yon menas iminan ak ekstrèm pou lavi yo oswa sekirite yo nan moman yo te antre Ozetazini,

(2) Yo te soufri yon ijans medikal nan moman antre,

(3) Yo te viktim yon fòm grav trafik moun nan **nenpòt moman nan lavi yo**.

(4) Yo te fè fas ak yon obstak grav e kontinyèl pou jwenn aksè nan CBP One, tankou yon baryè langaj oswa teknolojik.

Yon moun dwe pwouve ke yon eksepsyon aplike pandan yon pwosesis tès rapid.

San yon randevou CBP One, gen kèk moun ki ka toujou chwazi pou apwoche fwontyè Etazini-Meksik la, oswa pou "mache monte" nan yon pò antre. Sepandan, nan sèten rejyon tankou Tijuana, Matamoras, ak Reynosa, gen rapò ki di ofisyèl imigrasyon Meksiken yo limite aksè nan fwontyè a oswa nan pò antre yo. Nan Nuevo Laredo, pa te gen randevou CBP One depi 16 jen 2023 akòz "rezon sekirite." Li pa klè si yo ap trete moun ki monte san randevou.

SANT PWOSÈS REJYONAL

Yon lòt plan nouvo ki trakasan soti nan Administrasyon Biden se kreyasyon Sant Pwosesis Rejyonal (RPCs) nan Kolonbi, Gwatemala, ak Costa Rica. Anba pwosesis sa a, moun yo ka pran yon randevou nan yon RPC anvan yo vwayaje (lè l sèvi avèk aplikasyon CBP One). Nan RPCs, yo pral entèvyouve epi trete pou nenpòt soulajman elijib. Malgre sa ka sanble tankou yon etap nan bon direksyon, **li inakseptab ke administrasyon an ap prezante RPCs, ansanm ak CBP One ak lòt mezi, kòm yon ranplasan pou pwosesis azil regilye nan fwontyè Etazini an.**

KISA TOUT SA VLE DI?

Toutotan Entèdiksyon Azil la an efè, moun k ap cheche azil yo pral enjis ak ilegalman refize pwoteksyon ak dwa pou mande azil. **Anba entèdiksyon an, byen mwens moun te jwenn elijib pou azil epi nimewo retire rapid yo ap rive nan nivo rekò.** To pase krentivite kredib la desann a 59% depi 85% avan pandemi an.



[HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/bajiasylumclinics). IMÈL JUHARAH@BAJI.ORG POU DAT AK LÈ.